# САРЫГҮЛ БАҲАДЫРОВАНЫҢ ИЛИМИЙ ҲӘМ ӘДЕБИЙ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАР МӘСЕЛЕСИ: ФЕМИНИЗМ ҲӘМ ӘДЕБИЙ ОБРАЗ

**Тлеуниязова Гүлмира Байниязовна**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис*

**Аннотация:** Бу мақолада адабиётшунос ва фолклоршунос олима, ёзувчи Саригул Бахадированинг илмий тадқиқотларида феминизм масаласи ҳамда бадиий асарларидаги аёл-қизлар образин яратиш хусусиятлари ҳақида сўз қилинади.

**Калит сўзлар:** С.Бахадирова, аёл-қизлар, феминизм, образ.

**Abstract:** This article talks about the issue of feminism in the scientific researches of literary critic and folklorist, writer Sarigul Bakhadirova, and the features of creating the image of women in her artistic works.

**Keywords:** S. Bakhadirova, women, feminism, image.

Феминизм (лат. femina – ҳаял) – ҳаял-қызлардың сиясий, экономикалық, социаллық ҳәм жеке ҳуқықларын кеңейтиўге, ерлер менен тең ҳуқықлылығын тәмийнлеўге қаратылған идеологиялар болып [1, 2, 3, 4], жәҳән әдебияттаныў илиминде соңғы дәўирде феминистлик изертлеўлердиң көлеми, мақсети ҳәм мазмуны бираз кеңейди. Әсиресе, батыс илиминде: психология, психаналитика, этникалық изертлеўлер, әдебият, мәдeният, философия, және де илимлер аралық аспектлерде қарастырыла баслады. Негизинде батыста 1960-1970-жыллары қәлиплесе баслаған феминистлик көзқараслар феминистлик сын дәрежесине көтерилди. Бирақ Батыс ҳәм Шығыс мәдениятлары ҳәмийше бир-биринен парық қылып туратуғынлығы белгили. Ал, түркий халықлар мәдeнияты, халықлық дүньятанымы өз алдына айрықшалықларға ийе. Қарақалпақ жәмийетинде ҳәм әдебиятында феминизмниң белгилери ҳаял-қызлардың жәмийет турмысының барлық салаларын раўажландырыўдағы тең ҳуқықлылығын бериўши бурынғы Аўқамның сиясий идеологиясы тәсиринде көрине баслады. Ал, оның дереклери қарақалпақ халқының аўызеки дөретиўшилиги менен тиккелей байланыслы. Әсиресе, Тумарис, ҳаяллар патшалығы, ханды жеңген шешен ҳаяллар, айтысыўшы, шайыр, бақсы, урыўларға уран батыр, дана ҳаял-қызлар ҳаққындағы аўызеки әңгимелер, ертеклик ҳәм әпсаналық сюжетлер, мифлик көзқараслар ҳәм «Қырық қыз» дәстаны қарақалпақ халқының жәмийетлик-тарийхый турмысында бул мәселениң тамырлары ертеден басланғанлығына ишара етеди.

Ҳәзирги дәўирде феминистлик әдебияттаныў еки бағдарға ийе болды. Биринshиси – көркем әдебий шығармалар системасындағы барлық баҳалықлар

тек ғана ер адамлардың көзқараслар системасына қурылғанлығын түсиндириўге арналған изертлеўдер. Екиншиси – ҳаял-қызлар дөретиўшилиги өзине тән айрықшалықларға ийе екенлигин, ҳаял адамның өзине тән жазыў шеберлигин үйренеди.

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде бүгинги батыс феминизминиң биринши бағдары дерлик ушыраспайды. Ал, екинши бағдардағы изертлеўлер өткен әсирдиң екинши ярымынан баслап көзге таслана баслады. Әлбетте, ер адамлар менен ҳаял-қызлар шығармаларында баянлаў ҳәм сүўретлеў системасында айтарлықтай өзгерислер көзге тасланады. Олардың ең баслылары өзине тән көркем тил (лексика), ҳаял-қызларға тән пикирлеўдеги белгисизлик ҳәм психологизмниң терең берилиўи, ырғақ, стиль, көзқараслар өзгешелиги ҳәм т.б. усы өзгешеликлерине бола соңғы дәўирде жәҳән әдебияттаныў илиминде ҳаял феноменин, жанрлық, стиллик, индивидуаллық айрықшалығын, руўхый кеширмелерин жөнелис сыпатында қарастырыўшы бағдар раўажланбақта. Бунда қарақалпақ ҳаял-қыз жазыўшы шайырлары дөретиўшилигине дыққат қаратыла баслады. Негизинде қарақалпақ әдебиятында ҳаял-қызлар дөретиўшилигиниң өзи кешеўиллеп пайда болды. Ал, әдебий шығармаларда ҳаял-қызлар образы ҳам олардың машқалалары, руўхый кеширмелериниң сәўлелениўиниң дереклери жоқарыда айтып өткенимиздей, халық аўызеки дөретиўшилигинде жоқары дәрежеде берилген. Оннан бери келе ҳаял-қызлар бурынғы Аўқамда жумысшы күш сыпатында поэзиялық ҳәм прозалық шығармаларда жырланып келди. Ал, шын мәнисте ҳаял-қызлардың жан даўысы, руўхый кеширмелери ҳаял-қыз жазыўшы ҳәм шайырлардың дөретиўшилигинде айқын көрине баслады.

С.Баҳадырова өз ўақтында қарақалпақ илимине аз санлы ҳаял-қызлар қатарында кирип келди. Ол өзиниң 80 жыллық саналы өмиринде ҳаял-қыз – перзент, ҳаял-қыз – ана, ҳаял-қыз – шаңарақ жуўапкери, ҳаял-қыз – жазыўшы, ҳаял-қыз – илимпаз, ҳаял-қыз – жәмийетлик искер, ҳаял-қыз – устаз… сыпатында қандай тәжирийбелерди өзлестириўи керек болса, булардың барлығын қурамалы тарийхый-жәмийетлик шараятта үлгили дәрежеде жасап өтти.

Оның 400 ге жақын илимий изертлеўлери ҳәм бир нешше әдебий шығармалары, шөлкемлестириўшилик ҳәм басқарыўшылық қәбилети ҳам басқа да толып атырған табыслары мысалында оның өзи айтқанындай «қарақалпақ қандай халық» – деген сораўға жуўап табыўға болады.

С.Баҳадырова ҳаял-қыз дөретиўшилер қатарында «Анама хат» (1968), «Хаяллар» (1971), «Кешиккен солдат» (1974), «Адам қәдири» (1975), «Тумарис ҳәм Кир» (1990), «Қанатынан қайрылған суңқар» (2004), «Тумарис» (2018) повестьлер, «Адамды адам бахытлы етеди» (1978) гүрриң ҳәм повестлер

жыйнағын, «Турмыс сабағы» (1976), «Тәғдир» (1981-жыл, 1-китап), екинши китап «Тәғдир» (1989-жыл, 2-китап) романларын, эссе «Избасар Фазылов» (1990) топламларын жәриялады. Бул шығармалары өз ўықтында илимий жәмийетшиликтиң дыққатын қарата алған шығармалар болды. Әсиресе, ҳаял-қызлар мәселелерин көтерип шыққан «Ҳаяллар», Анама хат», «Тәғдир» шығармалары ҳаял-қызлар руўхыятын, ишки дүньясын ашып бериўде миллий характердеги психологиялық сүўретлеўлери ҳәм миллий ҳаял-қыз қаҳарман образларының жаратылыўы менен ажыралып турады. Бул ҳаққында белгили илимпазлар З.С.Кедрина, Т.Давыдова, М.Нурмуҳамедов, З.А.Насруллаева, Ж.Нарымбетов, К.Худайбергенов, Қ.Камалов, П.Нуржанов, З.Бекбергеновалар өз изертлеўлеринде қатнасларын билдирип өтти.

С.Баҳадырованың гүрриң, повесть ҳәм романларындағы ҳаял қаҳарман образлары көпшилик жағдайда пидайылықтың, мәртликтиң, қайсы иште болмасын садықлықтың тымсалы сыпатында жаратылған. «Тумарис» повестиндеги әпсанаўий Тумарис образы да тиккелей тарийхый дереклердеги батыр, ержүрек патша ҳаял образы. Бул ҳаққында жазыўшының өзи де Москвадағы Ленин китапханасынан докторлық диссертациясына материал жыйнаў барысында дусласқан тарийхый дереклерге сүйенгенлигин айтады: «Геродоттың тоғыз томлық тарийх китабын фондтан алдырттым. Сондағы ойым Геродот шынында да Тумаристи, Массагетлерди жазған ба, әййемги греклер бизлер тәрепке келген бе, калай жазған, оларды өз көзим менен көргим келди. Мен бул тарийхшының мийнетин оқып, колымнан таслай алмадым. Барлығын көширип алдым. Оннан соң Ктесий, Страбон... булар бизиң ушын кийели материаллар. Мениң ата-бабаларым хаққында болғанлықтан бир неше күн конспекти жасап отырдым. Мине, усы конспектиден бул повестти жазыў басланды» [Баҳадырова С., 2018. – 77 б].

Бул шығарманы жазыў барысында жазыўшы ол ушын ең тәсирли ҳәм қыйыншылық туўдырған ўақыя ретинде темаға алып шығылып атырған Тумарис образын жаратыў, оның артында тарийхый жүкти көтере алыў мәселеси менен бирге, ҳаял-қызларға тән сезимталлықтың да тәсири болғанлығын жасырмайды: «Қандай кыйын тема! Әсиресе? оның баласының азасында отырған ўақтын жазыўға қолым бармады. Ананың сол кайғысын жазыў аңсат емес! Усы повестте де маған ең аўыры сол болды, мен оны хеш жазғым келмеди» [Баҳадырова С., 2018. – 77 б].

С.Баҳадырова жазыўшы сыпатында ҳаял-қызлар образын дөретип ғана қоймастан, әдебияттаныў илиминде ҳаял-қызлар дөретиўшилигин изертлеўге ат салысты.  Оның ҳәр түрли жылларда жәрияланған усы мәселеге бағышланған изертлеўлерин төмендегидей бөлиўге болады:

1. *Ҳаял-қыз жазыўшы-шайырлардың дөретиўшилигиниң ҳәр түрли мәселелерине бағышланған изертлеўлер.* Олар қатарына «Қызлар жырлағанда қутлықлар жәҳән» («Әмиўдәрья», 1987, №3), «Жазыўшы Г.Есемуратова» («Жас Ленинши», 1990, апрель), «Жазыўшы Г.Есемуратова» («Еркин Қарақалпақстан», 2000, 17-февраль) «Әжайып талант!» (Г.Матьякубованың 70 жыллығына арналған) («Қарақалпақстан жаслары», 19-июль, 2018) ҳәм т.б. айтып өтиўге болады.

2. Қарақалпақ әдебиятында ҳәм фольклорында ҳаял-қызлар темасының сәўлелениўине байланыслы изертлеўлери: «Әжинияз шығармаларында ҳаял-қызлар образы» («Еркин Қарақалпақстан», 1999,14-март), «Ҳаял-қызлар образы қарақалпақ романында» («Жас Ленинши», 1975, 25-августь), «Әжинияз шайыр ҳаял-қызларды жырласа», («Еркин Қарақалпақстан», 16-декабрь, 1999), «Жийен жыраў ҳәм «Гүлайым» ертеги ҳаққында» («Әмиўдәрья», №4. 1991), «Қырық қыз» дәстаны – қарақалпақ халқының миллий мақтанышы» (Қарақалпақ халық дәстаны «Қырық қыз» жәнe түркий тиллес халықлардың фольклорын изертлеў мәселелери» атлы халықаралық илимий-теориялық конференция тезислери. – Нөкис, 1997. 10-12-сентябрь), «Алпамыс боларма Гулпаршыны болмаса» («Еркин Қарақалпақстан», 1999, 3-июнь), ««Қырық қыз» жәнe 40 батыр кыз дүнья фольклорында», («Еркин Қарақалпақстан», 2001, 13-февраль), «Эпос «Сорок девушек» национальная гордости каракалпакского народа // ӨзИАҚҚБ. «Хабаршы» журналы, 2002. №1-2.), «Древние массагеты: Томирис и каракалпакский народный эпос «Сорок девушек» («Bilgamesh», International Almanac of Cultural and Social Studies. – Almaty, 2019. №1. Special edition) ҳәм т.б.

3. С.Баҳадырованың ҳаял-қызлар мәселесине арналған жәнe бир изертлеў бағдары қарақалпақ халқының халық арасында кеңнен белгили болған батыр, ағартыўшы, шайыр ҳаял-қызлардың портретлерин жаратыўы болып есапланады. «Қыз бақсы Қәнигүл» («Еркин Қарақалпақстан», 2000, 2-ноябрь), «Қумар ана» («Еркин Қарақалпақстан», 1996, 4-июль), «Атларын уран еткен қарақалпақ ҳаяллары» («Еркин Қарақалпақстан», 2001, сентябрь, 20-ноябрь.), «Аналарымыз Сарыша айым, ханша Сүйинбийке, Жупар апа», («Еркин Қарақалпақстан», 2002, 5-январь), «Бақсы Ҳүрлиман, Сәпиўра, Қанымгул, шайыр Дәме» («Еркин Қарақалпақстан», 2002, 28-февраль) ҳәм т.б. мақалаларында бақсы қызлар Қәнигүл, Ҳүрлиман, шайыр Дәме, Сәпиўра, батыр аналар, ел басқарыўға ат салысқан ҳаял-қызлар Сарыша айым, Сүйинбийке, Жупар ана, Қумар ана, уран аналар Ақшолпан, Арыўханлар ҳаққында информаторлардың мағлыўматлары ҳәм тарийхый дереклерге сүйенип, бул ҳаял-қызлардың тулғасын жанландырады. «Қарақалпақ қандай халық» [6:23-46] деп аталған илимий, публицистикалық хәм көркем шығармалар жыйнағында да

“Сен әзийзсең қарақалпақ ҳаялы!” деген атама менен жоқарыдағы мақалаларында сөз еткен ҳаял-қызлар ҳаққындағы мағлыўматларды дүркинлестирип береди. Бул арқалы жазыўшының халықлық түсиник ҳәм танымлардағы, этномәдениятындағы, этнопсихологиясындағы қарақалпақлардың тарийхый раўажланыў сахнасында ҳаял-қызлардың роли жүдә жоқары болғанлығы ҳаққындағы пикирлерди жеткерип бериў нийетиниң жетекшилигин байқаймыз.

С.Баҳадырова ҳаял-қызлардың дөретиўшилиги бойынша да, турмыслық мәселелери бойынша да, әдебий образы бойынша да қаҳарманлықларын алғыслаўшы мазмунға ийе болған әҳмийетке ылайық қәдемлер таслады ҳәм буны өз искерлигинде де дәлийллеп берди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Феминизм с Запада на Восток. 10 лет вдохновенного диалога между женским движением Германии и Центральной Азии / Под ред. С.М.Шакировой. – Алматы, 2008.

2. Жеребкина Ирина. Прочти мое желание... Постмодернизм, психологизм, феминизм / Жеребкина, Ирина. – М.: Идея-Пресс, 2000.

3. Феминизм: Проза, мемуары, письма / Пер ред. М.Шнеир. – М.: Прогресс. Литера, 1992. – 1992.

4. Hawkesworth, M.E. Globalization and Feminist Activism (англ). – Rowman & Littlefield, 2006. – P. 25-27.

5. Баҳадырова С. Тумарис (повесть). – Ташкент: Наврўз, 2018. – 80 б.

6. Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халық. – Ташкент: Наврўз, 2017.